

Bilten pou Pwopriyetè yo - Dawout 2021

Chè Pwopriyetè,

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) bay pwopriyetè edifis rezidansyèl yo mizajou tanzantan sou nouvo lejislasyon ak enfòmasyon sou materyèl ak resous disponib pou bay konkou ak Kòd Antretyen Lojman (Housing Maintenance Code) Vil New York, Lwa sou Lojman Miltip (Multiple Dwelling Law) Eta New York lan ak lòt kòd minisipal ki gen pou wè ak sa. Ale sou [sitwèb HPD a](#) pou w li bilten sa a (ak ansyen bilten nou yo) nan lòt lang.

Piblikasyon sa a la pou bay enfòmasyon sèlman epi li pa la kòm konsèy jiridik. Enfòmasyon sa yo pa yon deskripsyon konplè oswa final sou tout responsabiltè pwopriyetè kay ak lokatè yo ki gen rapò ak lalwa epi règ ki konsène lojman nan vil New York.

Sonje soumèt Anrejistreman Anyèl Pwopriyete a nan HPD

Pwopriyetè ki oblije enskri yo ta dwe soumèt enskripsyon yo pi rapid yo kapab. Fòm enskripsyon yo disponib atravè [Sistèm Anrejistreman Pwopriyete Anliy \(Property Registration Online System, PROS\)](#). Sonje pou fè chanjman ki apwopriye yo, **enprime**, siyen, epi mete dat nan fòm lan epi voye li nan kourye lapòs nan HPD jan yo di sa sou fòm lan. Yo dwe voye peman yo ale dirèk nan Depatman Finans (Department of Finance, DOF). N ap travay di pou nou konfime anrejistreman an pi rapid sa posib epi nou apresye paske w soumèt aplikasyon ou an atan pou ou pa jwenn ak okenn enkonvenyan menm kote enskripsyon ou an fini epi ou pa ka sètifye vyolasyon, soumèt Demand Sispansyon, oswa jwenn dispans nan AEP, pami lòt pwosesis ki mande pou ou anrejistre. Inite Asistans Enskripsyon nou an konn gen reta nan lè y ap resevwa kesyon yo epi nou ankouraje ou anpil fwa pou verifye nan sesyon Kesyon Moun Poze Souvan yo ki nan paj wèb [Enskripsyon](#) nou an si w gen kesyon jeneral.

Preparasyon pou Ijans

Tanpèt sou Kòt

Sezon Tanpèt sou Kòt Vil New York lan kòmanse apati Premye (1) dawout epi HPD ta renmen asire li pwopriyetè bildin yo pare pou yon fenomèn konsa. Ane sa a, previzyon Administrasyon Nasyonal Oseyan ak Atmosfè (National Oceanic and Atmospheric Administration, NOAA) konsènan tanpèt sou kòt Atlantik lan montre yon sezon tanpèt sou kòt ki depase jan sa konn ye jeneralman.

Pou ou toujou enfòme konsènan tanpèt sou kòt ak lòt ijans, enskri nan avètisman sou ijans nan Vil la sou www.NYC.gov/NotifyNYC EPI enskri chak ane nan HPD pou yo kapab kontakte ou nan ka ijans nan pwopriyete a. Bay yon nimewo telefòn konfidansyèl ki egzat ki ap mache 24 sou 24 lè w ap enskri a. Enskri nan HPD Chak Ane, lè ou ale sou: <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/register-your-property.page>

Vil New York divize an 6 zòn evakyasyon lè gen tanpèt sou kòt. Majistra a kapab bay lòd pou tout moun evakye nan zòn yo avan tanpèt sou kòt lan rive nan Vil New York. Zòn evakyasyon nan ka genyen tanpèt yo vin pi plis ane sa a, kidonk **pou w konnen si pwopriyete pa w lan nan yon zòn evakyasyon oswa pou w jwenn mesaj sou zòn k ap gen inondasyon yo**, al gade nan:

<http://www1.nyc.gov/assets/em/html/know-your-zone/knowyourzone.html>

Konsèy pou ou menm ak lokatè ou yo pare pou yon tanpèt sou kòt:

- Distribye Gid sou Preparasyon pou Ijans pou Blding ki gen Apatman nan Vil New York bay tout rezidan lè yo ap siyen kontra ak yon (1) fwa chak 3 lane. Pou jwenn plis enfòmasyon sou gid la, ale sou: <https://www1.nyc.gov/site/fdny/codes/fire-department-rules/fire-dept-rules.page>
- Kominike lokatè ou yo politik asansè pwopriyete ou a, sitou pou sa yo ki depann de asansè. Kenbe asansè yo an mach pi lontan w kapab fè sa epi kite yo an fonksyon jiskaske yon siklòn ta prèske rive sou tè oswa avan yon evakyasyon, si w gen obligasyon pou w sispann sèvis yo.
- Toutotan sa posib, kominike ak lokatè yo klèman avan, pandan ak aprè yon tanpèt sou kòt. Kòm pwopriyete bildin, evalye kapasite ou pou ou kominike tout lokatè enfòmasyon ki enpòtan anpil apati itilizasyon sistèm bildin (paregzanp, entèfòn, sistèm alam ensandi), imèl oswa mesaj tèks.
- Anvizaje mete mwayen kominikasyon altènatif an plas nan ka kote gen pàn kouran oswa lòt entèripsyon kominikasyon telefonik ki regilye ant pèsònèl bilding nan, jesyonè bilding nan ak pwopriyete bildin nan.
- Elabore yon plan pou evakyasyon pwopriyete a, ak yon plan rezistans. Kominike pèsònèl bilding nan ak lokatè yo plan sa yo.
- Fè yon evakyasyon sou pwopriyete a tousuit aprè tanpèt lan fini.
- Rasire w manm ekip bildin ou an konnen kisa pou yo fè nan ka ijans kouran yo - tankou kiyès pou yo kontakte nan ka genyen inondasyon, pàn kouran, epi lòt pwoblèm kouran yo.
- Reponn ajans Vil la ki ta kontakte ou kòm pwopriyete aprè tanpèt la rapidman.
- Pou jwenn plis enfòmasyon, konsilte dokiman sa yo:
 - [Gid sou Planifikasyon ak Evakyasyon pou Ijans pou Pwopriyete/Jesyonè Bildin Rezidansyèl](#)
 - Prepare ou pou Yon Ijans (lye ansanm)
 - Avan ak Aprè yon Tanpèt: Sa Ou Bezwen Konnen (lye ansanm)
 - [Bwochi sou Preparasyon pou Tanpèt nan New York](#)
 - [Pou konsilte bwochi sa a nan lòt lang yo, tanpri ale sou sitwèb Ready NY lan](#)
 - [Lis Kontwòl Endividyèl pou Preparasyon pou Ijans/Planifikasyon Evakyasyon](#)

Jan yo endike sa pi wo a, **lalwa egzije pou pwopriyete yo** afiche yon avi tanporè ki gen enfòmasyon sou ijans nan zòn komen bildin nan avan yon ijans meteyowolojik, aprè yon katastwòf natirèl, ak aprè yo fin enfòmè sou yon pàn kouran ki ap dire plis pase 24 èdtan. Ale sou [echantiyon](#) notifikasyon sa a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou responsabiltè pwopriyete bilding lè gen katastwòf, tanpri ale sou sitwèb HPD sa a: <https://www1.nyc.gov/site/hpd/services-and-information/emergency-preparedness.page>.

Lwa sou Pwoteksyon Karatè Prive Done Lokatè yo

Dapre Lwa lokal 63 nan 2021, pwopriyete lojman kolektif ki itilize sistèm aksè entelijan (san kle) yo (tankou, men se pa sa sèlman, pòt kle, teknoloji elektwonik oswa enfòmatis, kat idantifikasyon frekans radyo, aplikasyon sou telefòn mobil, idantifikasyon byometrik, oswa nenpòt lòt teknoloji dijital) pou yo ka antre nan zòn tout moun pase yo nan yon lojman kolektif ki nan Kategori A, oswa nan yon inite lojman endividyèl dwe jwenn yon konsantman fòmèl swa alekri nan men lokatè a, oswa atravè yon

aplikasyon mobil ki la pou rasanble done referans yon itilizatè pou itilize nan yon sistèm aksè entelijan, epi li ka pran sèlman yon ti kantite done otantifikasyon ak done referans ki nesèsè pou pèmèt yo itilize sistèm aksè entelijan an. Pwopriyetè an dwe bay lokatè yo yon politik konsèvasyon done ansanm ak lavi prive tou. Sistèm aksè entelijan an dwe genyen yon sekirite ansanm ak mezi pwotesyon ki la pou pwoteje sekirite ak done lokatè yo ansanm ak envite yo. Lwa sou Pwoteksyon Karaktè Prive Done Lokatè yo sanksyone tou si w itilize mal sistèm lan oswa done sistèm sa a fin pran yo.

Pou ou jwenn yon kopi Lwa Lokal 63 epi/oswa jwenn plis enfòmasyon sou egzijans ki gen rapò ak sistèm aksè entelijan yo, tanpri al gade nan www.hpd.nyc.gov.

Pwogram Asistans Lwaye ann Ijans Eta New York lan (Emergency Rental Assistance Program, ERAP)

Pwogram Asistans Lwaye ann Ijans Eta New York lan (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) bay fanmi ki nan Vil New York yo èd pou peye mwa lwaye yo an reta ladan yo.

Fanmi yo apwouve yo pou resevwa ERAP kapab benefisye:

- Jiska 12 mwa **peman aryere sou lwaye** pou lokasyon akimile nan dat 13 mas 2020 an oswa aprè.
- Jiska twa (3) mwa **asistans lwaye siplemantè** si fanmi an dwe konsakre 30% oswa plis nan revni brit yo chak mwa pou peye kay.
- Jiska 12 mwa **peman aryere sèvis piblik** pou kouran oswa gaz pou aryere ki akimile nan dat 13 mas 2020 an oswa aprè.

Yo kòmanse aksepte aplikasyon yo kounya. Ni lokatè yo ak pwopriyetè yo kapab aplike - yo pral peye pwopriyetè an, epi yo pral avèti lokatè yo sou nenpòt peman yo fè sou non yo.

Yo ankouraje ni lokatè ak pwopriyetè yo aplike kote yo kapab fè sa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w aplike epi pou konnen si ou kalifye, al gade nan otda.ny.gov/erap. Genyen [dokiman ak videyo ki itil](#) w ap jwenn sou sitwèb NYS ERAP. Genyen òganizasyon ki baze nan kominote a tou k ap ede rezidan New York yo aplike nan tout senk (5) awondisman yo, yo enimerè sou nyc.gov/erap.